EURASIAN JOURNAL OF LAW, FINANCE AND APPLIED SCIENCES
Innovative Academy Research Support Center
IF = 9.2 www.in-academy.uz/index.php/ejlfas




# NATIONAL AND INTERNATIONAL LEGAL FRAMEWORKS FOR COMBATING DOMESTIC VIOLENCE

**Begnazarova Kamila Maxmud qızı**
Master's student at Karakalpak State
University named after Berdakh,
Nukus, Uzbekistan
https://doi.org/10.5281/zenodo.20053850

**ARTICLE INFO**

Received: 28th April 2026
Accepted: 05th May 2026
Online: 06th May 2026

**KEYWORDS**

*Domestic violence, national legislation, international standards, human rights, legal regulation, victim protection, prevention of violence, United Nations, implementation of international norms.*

**ABSTRACT**

*The article provides a comprehensive analysis of national and international legal frameworks for combating domestic violence. Key provisions of national legislation regulating the prevention and response to domestic violence are examined, including the provisions of the Law "On the Protection of Women from Harassment and Violence," as well as other regulatory legal acts aimed at ensuring the rights and legitimate interests of victims.*

# НАЦИОНАЛЬНЫЕ И МЕЖДУНАРОДНЫЕ ПРАВОВЫЕ ОСНОВЫ БОРЬБЫ С ДОМАШНИМ НАСИЛИЕМ

**Бегназарова Камила Махмуд қызы**
магистрант Каракалпакского государственного Университета
имени Бердаха, Нукус, Узбекистан
https://doi.org/10.5281/zenodo.20053850

**ARTICLE INFO**

Received: 28th April 2026
Accepted: 05th May 2026
Online: 06th May 2026

**KEYWORDS**

*Домашнее насилие, национальное законодательство, международные стандарты, права человека, правовое регулирование, защита пострадавших, предупреждение насилия, Организация Объединённых Наций,*

**ABSTRACT**

*В статье проводится комплексный анализ национальных и международных правовых основ борьбы с домашним насилием. Рассматриваются ключевые положения национального законодательства, регулирующего вопросы предупреждения и противодействия домашнему насилию, включая нормы Закона «О защите женщин от притеснения и насилия», а также иные нормативно-правовые акты, направленные на обеспечение прав и законных интересов пострадавших лиц.*

*имплементация международных норм.*

# SHAŃARAQTAǴÍ ZORLÍQQA QARSÍ GÚRESIWGE TIYISLI MILLIY HÁM XALÍQ-ARALÍQ HUQÍQÍY TIYKARLAR

**Begnazarova Kamila Maxmud qızı**
Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq
mámleketlik universiteti magistrantı, Nókis, Ózbekstan
https://doi.org/10.5281/zenodo.20053850

ARTICLE INFO

Received: 28th April 2026
Accepted: 05th May 2026
Online: 06th May 2026

KEYWORDS

*Shańaraqlıq zorlıq, milliy nızamshılıq, xalıqaralıq standartlar, insan huqıqları, huqıqıy tártipke salıw, jábirleniwshilerdi qorǵaw, zorlıqtıń aldın alıw, Birlesken Milletler Shólkemi, xalıqaralıq normalardı implementaciyalaw.*

ABSTRACT

*Bul maqalada shańaraqtaǵı zorlıqqa qarsı gúresiwdiń milliy hám xalıqaralıq huqıqıy tiykarları analizlenedi. Shańaraqtaǵı zorlıqtıń aldın alıw hám oǵan qarsı gúresiw máselelerin tártipke salıwshı milliy nızamshılıqtıń tiykarǵı normaları, sonıń ishinde, "Hayal-qızlardı qıynaw hám zorlıqtan qorǵaw haqqında"ǵı nızam normaları, sonday-aq, jábirlengen shaxslardıń huqıqları menen nızamlı máplerin támiyinlewge qaratılǵan basqa da normativ-huqıqıy hújjetler kórip shıǵıladı.*

Jáhán densawlıqtı saqlaw shólkeminiń maǵlıwmatlarına qaraǵanda, dúnyadaǵı hár úshinshi hayalǵa ómiri dawamında óz ómirlik joldası tárepinen fizikalıq basım ótkeriledi. Turmısqa shıqqan hayallardıń 30% joldası tárepinen zorlıq halatlarına dus kelgenligi haqqında xabar beredi. Hayallar óliminiń 38% olardıń ómirlik joldası tárepinen ámelge asırıladı hám zorlıqqa dus kelgen hayallardıń tek 42% mashqala haqqında ashıq sóz etedi[1].

Shańaraqtaǵı zorlıq óz kólemine qaray global mashqala. Ol turmıs dárejesi hám demokratiyalastırıw formatına qaramastan, dúnyanıń barlıq mámleketlerinde baqlanadı.

Shańaraqtaǵı zorlıqqa qarsı gúresiwge tiyisli milliy hám xalıq-aralıq huqıqıy tiykarları belgili ilimiy izertlewlerge tiykarlanadı. Búgingi kúnde usı temanıń tek ǵana mámleketimiz emes, al xalıqaralıq kólemde de ayrıqsha qáwip tuwdırıwı múmkin. Usı múnásibet penen

[1] https://www.un.org/ru/rights/protectedfromviolence/ch3.shtml

shańaraqqa qarsı jınayatlarǵa qarsı gúresiwdiń jınayat-huqıqıy hám kriminologiyalıq tareplerin úyreniwge baylanıslı izertlewlerde belgili ilimiy nátiyjelerge erisilgen.

Atap aytqanda, olar tárepinen ámelge asırılǵan ilimiy izertlewler nátiyjesinde shańaraqqa qarsı jınayatlar profilaktikası hám onıń aldın alıw ushın aymaqlıq izertlewler ámelge asırıw zárúrligi, shańaraqqa qarsı jınayatlar islewge demografiyalıq hám mádeniy kózqaraslar, atap aytqanda gender teńligi sıyaqlı máselelerdiń tásir kórsetiwi - BMSh Náshebentlik hám jınayatshılıqqa qarsı gúresiw basqarması (UNODC), zorlıq penen islenetuǵın jınayatlarǵa, atap aytqanda shańaraqtaǵı zorlıqlarǵa turmıs sharayatları, jumıssızlıq, náshebentlik hám alkogolizmniń tásiri - Kembridj universiteti (Violence Research Centre, University of Cambridge), erjetpegenlerge qarsı jınayatlar isleniwinde kópshilik jaǵdaylarda shańaraq aǵzaları jábirleniw itimalı joqarı ekenligi - Case Western Reserve University, shańaraqqa qarsı jınayatlar ushın juwapkershilikti jetilistiriw mashqalaları - M.V.Lomonosov atındaǵı Moskva mámleketlik universiteti, shańaraqqa qarsı islenetuǵın jámiyetlik qáwipli qılmıslardıń jınayıy-huqıqıy hám kriminologiyalıq sıpatlaması - Rossiya xalıqlar doslıǵı universiteti, erjetpegenlerge qarsı jınısıy xarakterdegi jınayatlar - Immanuil Kant atındaǵı Baltika federal universiteti, zorlıq penen islenetuǵın shańaraq sheńberindegi jınayatlar, atap aytqanda, erjetpegen shaxstı jámiyetke jat is-háreketlerge tartıw profilaktikasınıń áhmiyeti hám ornı - Qazaqstan kriminologiyalıq associaciyası tárepinen izertlengen.

Kóplegen xalıq-aralıq hújjetlerde[2] bekkemlengen qaǵıydalarǵa muwapıq, shańaraq, analıq, balalıq jámiyet hám mámleket tárepinen qorǵalıw huqıqına iye.

Ózbekstan Respublikası da usı Konvenciyalarǵa qosılıp, usı qaǵıydalardı óz nızamshılıǵına kirgizgen.

Birinshi náwbette, Ózbekstan Respublikası Konstituciyasında puqaralardıń bir qatar tiykarǵı huqıq hám minnetleri, atap aytqanda, hesh kimniń qıynawǵa salınıwı, zorlıqqa, miyrimsiz yamasa insan qádir-qımbatın kemsitiwshi basqa túrdegi qısımǵa ushırawı múmkin emesligi, hayal-qızlar hám er adamlardıń teń huqıqlılıǵı, puqaralar Konstituciya hám nızamlarǵa boysınıwǵa, basqa adamlardıń huqıqları, erkinlikleri, abırayı hám qádir-qımbatın húrmet etiwge májbúr ekenligi belgilep qoyıldı, bul talaplarǵa hámme boysınıwı shárt.

Usı orında bunday islengen qılmıslar ushın olardıń túrine hám awırlastırıwshı jaǵdaylarǵa qarap Jınayat kodeksiniń birinshi bóliminiń (shaxsqa qarsı jınayatlar) bir qansha statyalarında jınayıy juwapkershilik belgilengen. Bunda shańaraqta zorlıq islegen shaxs qılmısı jınayat nızamınıń qaysı statyasına

[2] Инсон ҳуқуқлари умумжаҳон декларацияси (16-модда); Иқтисодий, ижтимоий ва маданий ҳуқуқлар тўғрисидаги халқаро Пакт (10, 11-моддалар); Фуқаролик ва сиёсий ҳуқуқлар тўғрисидаги халқаро Пакт (23, 24-моддалар).

muwapıq keliwine qarap jınayıy juwapkershilikke tartıladı.

Sonday-aq, mámleketimizde shańaraqlıq zorlıqqa qarsı gúresiw hám onıń aldın alıw maqsetinde 2019-jıl 3-sentyabrden «Hayal-qızlardı kúsh kórsetiw hám zorlıqtan qorǵaw haqqında»ǵı Nızamı kúshke kirdi. Usı Nızamǵa muwapıq hayal-qızlardı kúsh kórsetiw hám zorlıqtan qorǵaw tarawındaǵı mámleketlik siyasattıń tiykarǵı baǵdarları, húkimet hám mámleketlik shólkemlerdiń tarawdaǵı wákillikleri hám hayal-qızlarǵa bolǵan kúsh kórsetiw hám zorlıq jaǵdaylarınıń aldın alıw, olardı anıqlaw hám de olarǵa shek qoyıwdıń ulıwma ilajları belgilep berildi[3].

Usı Nızamǵa tiykarlanıp hayal-qızlarǵa bolǵan kúsh kórsetiw hám zorlıq jaǵdayları júz bergende tómendegi jeke tártiptegi ilajlar kóriledi:

- profilaktika sáwbetin ótkeriw;
- qorǵaw orderin beriw;
- qıynaw hám zorlıqtan jábirleniwshilerge járdem kórsetiw boyınsha arnawlı oraylarǵa jaylastırıw;
- zorlıq minez-qulıqtı ózgertiw boyınsha dúzetiw baǵdarlamalarınan ótiw.

Usı Nızamǵa tiykarlanıp hámde hayal-qızlardıń huqıqları, erkinlikleri hámde nızamlı mápleri kúsh kórsetiw hám zorlıqtan isenimli qorǵalıwın támiyinlew baǵdarındaǵı jumıslardıń nátiyjeliligin arttırıw maqsetinde Ministrler Kabinetiniń 2020-jıl 4-yanvardaǵı 3-sanlı qararı menen Kúsh kórsetiw hám zorlıqtan jábirlengen hayal-qızlarǵa qorǵaw orderin beriw, orınlanıwın támiyinlew hám monitoring alıp barıw haqqındaǵı reje[4] tastıyıqlandı.

Rejege tiykarlanıp qorǵaw orderi 24 saat ishinde zorlıqqa ushıraǵan puqaraǵa ishki isler uyımlarınıń tayanısh punkti profilaktika (úlken) inspektorı tárepinen beriledi. Jábirleniwshi hayal yaki bul haqqında xabardar bolǵan úshinshi shaxs (qońsı, tuwısqan hám basqalar) jasaw aymaǵındaǵı huqıq qorǵaw uyımlarına arza menen múrájat etedi. Profilaktika inspektorları jábirleniwshiniń jasaw sharayatın úyrenip shıǵıp, 24 saat múddette order beriw máselesi sheshiledi. Qorǵaw orderi otız kún múddetke shekem beriledi hám usı order rásmiylestirilgen waqıttan baslap kúshke kiredi. 30 kúnlik múddetke beriletuǵın hújjet 3 nusqada boladı, yaǵnıy arza beriwshi, zorlıq islegen shaxs hám profilaktika inspektorında saqlanadı. 30 kún múddette jábirleniwshi hayalǵa zorlıq islegen shaxs tárepinen jáne dene jaraqatın jetkerse, puqaraǵa jınayat isi ashıladı. Qáwip-qáter ele saplastırılmaǵanı anıqlansa, qorǵaw orderiniń múddeti sozdırılıwı múmkin.

Shańaraq hám balalıqtıń mámleket tárepinen qorǵalıwı:

1) shańaraq aǵzalarınıń huqıq hám minnetlerin normativ jol menen tártipke salıwdı (ÓzR Shańaraq kodeksiniń 2, 4, 5-bólimleri);

---

[3] Ўзбекистон Республикасининг “Хотин-қизларни тазйиқ ва зўравонликдан ҳимоя қилиш тўғрисида”ги Қонуни. https://lex.uz/docs/4494709

[4] Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг 2020 йил 4 январдаги 3-сон қарори билан Тазйиқ ва зўравонликдан жабрланган хотин-қизларга ҳимоя ордерини бериш, ижросини таъминлаш ва мониторинг олиб бориш тўғрисида низом. https://www.lex.uz/docs/4676892

2) mámleket bul huqıq hám minnetlerdi ámelge asırıw ushın sharayat jaratıwın;
3) insannıń jámiyetke aralasıwınıń áhmiyetli tarawi bolǵan shańaraqqa qastıyanlıq etkenlik ushın juwapkershilikti támiyinlewdi[5] názerde tutadı.

Ata-ana hám balalar arasındaǵı qatnasıqlar Konstituciya hám nızamlarda bekkemlengen normalar menen tártipke salınadı. Nızam shıǵarıwshı usı tarawdıń áhmiyetin esapqa alıp, shańaraqqa, jaslarǵa hám ádep-ikramlılıqqa qarsı jınayatlardı ÓzR JK Arnawlı bóliminiń óz aldına 5-babında jámlegen.

Ózbekstanda hayal-qızlar hám balalardıń jámiyetlik-siyasiy belsendiligin arttırıwǵa úlken itibar qaratılıp atırǵan, analıq hám balalıqtı qorǵaw ushın keń kólemli jumıslar islenip atırǵan bir waqıtta, bul tarawdaǵı jumıslardı analizlew shańaraqlarda ruwxıy-ádep-ikramlı ortalıqtı jaqsılawda bir qatar kemshilikler hám tosqınlıqlar da bar ekenligin kórsetpekte.

Elimizde hayal-qızlardıń mashqalaların sheshiw, olardı jámiyetlik qollap-quwatlaw boyınsha mámleketlik siyasattı ámelge asırıw tarawında pútkilley jańa sistema engizildi. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń usı jıldıń 1-marttaǵı «Shańaraq hám hayal-qızlar mámleketlik komitetiniń jumısın shólkemlestiriw haqqında»ǵı PQ-146-sanlı qararına tiykarlanıp Bas prokuraturada hayal-qızlardıń huqıqların támiyinlew jáne olardı basım hám zorlıqtan qorǵaw tarawlarında nızamshılıqtıń orınlanıwı ústinen qadaǵalaw bólimi shólkemlestirildi[6].

2022-jıl 7-marttaǵı «Shańaraq hám hayal-qızlardı sistemalı qollap-quwatlawǵa baylanıslı jumıslardı jáne de jedellestiriw ilajları haqqında»ǵı PP-87-sanlı Pármanı menen de hayal-qızlardıń huqıqların támiyinlew jáne olardı basım hám zorlıqtan qorǵaw tarawlarında mánzilli ilajlar belgilengen.

Atap aytqanda, bul hújjet penen jámiyette hayal-qızlarǵa basım hám zorlıqqa mawasasızlıq ortalıǵın jaratıw, hayal-qızlardıń huqıq hám nızamlı máplerin támiyinlew jáne shańaraqtıń tárbiyalıq-bilimlendiriw potencialın bekkemlew, jámiyette shańaraqlıq qádiriyatlardı saqlaw, shańaraqlarda ruwxıy-ádep-ikramlı ortalıqtı jaqsılaw hám olardıń abadanlıq dárejesin arttırıw ayrıqsha tiykarǵı wazıypa sıpatında belgilendi[7].

Shańaraqtaǵı zorlıqqa qarsı gúresiwdiń xalıq-aralıq-huqıqıy tiykarların analizler ekenbiz, birinshi gezekte BMSh Insan huqıqları pútkil jáhan deklaraciyasına toqtap ótiw orınlı. Usı Deklaraciyanıń 16-statyasında «Shańaraq jámiyettiń tábiyiy hám tiykarǵı buwını bolıp esaplanadı hám ol jámiyet, mámleket tárepinen qorǵalıw huqıqına iye»[8] dep belgilengen.

---

[5] Криминология. Учебник под ред. Бурлакова В.Н., Сальникова В.П. – СПб, 2018. –Б. –506.

[6] Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2022 йил 1 мартдаги "Оила ва хотин-қизлар давлат қўмитаси фаолиятини ташкил этиш тўғрисида"ги ПҚ–146-сон Қарори. https://lex.uz/ru/docs/5884084

[7] Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2022 йил 7 мартдаги "Оила ва хотин-қизларни тизимли қўллаб-қувватлашга доир ишларни янада жадаллаштириш чора-тадбирлари тўғрисида"ги ПФ–87-сон Фармони. https://lex.uz/ru/docs/5884143

[8] Инсон ҳуқуқлари тўғрисида халқаро Билл. – Тошкент: Адолат, 1992, 14-бет.

Insan huqıqları boyınsha xalıq-aralıq standartlarǵa muwapıq, «Puqaralıq hám siyasiy huqıqlar haqqında»ǵı Xalıq-aralıq pakt, «Ekonomikalıq, jámiyetlik hám mádeniy huqıqlar haqqında»ǵı Xalıq-aralıq pakt, «Bala huqıqları haqqında»ǵı, «Hayal-qızlardı kemsitiwdiń barlıq formalarına shek qoyıw haqqında»ǵı Konvenciyalarda shańaraqqa kórsetiliwi lazım bolǵan itibardıń minimal dárejesi belgilenip, mámleketler moynındaǵı belgili minnetlemeler sheńberi názerde tutılǵan.

Xalıq-aralıq hújjetlerde de zorlıq túsinigi hayal-qızlarǵa qarata isleniwi atap ótilgen. Mısalı, BMShnıń 1993-jılǵı «Hayal-qızlarǵa qarata zorlıqtı saplastırıw haqqında»ǵı Deklaraciyasında hayal-qızlarǵa qarata zorlıq degende, hayal-qızlarǵa fizikalıq, jınısıy yamasa ruwxıy azap bergen hám zıyan jetkergen yamasa jetkeriwi múmkin bolǵan yamasa soǵan háreket etken, májbúrlep yamasa ózbasımshalıq penen erkinlikten hám jámiyetten yamasa jeke ómirinen ayırıwǵa qaratılǵan hár qanday zorlıqtan ibarat háreket[9] túsiniledi.

Bunday xalıq-aralıq hújjetler qatarına BMShnıń Ekonomikalıq, jámiyetlik hám mádeniy huqıqlar haqqındaǵı pakti (1966-jıl)[10], Hayal-qızlarǵa qarata kemsitiwdiń barlıq formalarına tıyım salıw haqqındaǵı konvenciyası (1979-jıl)[11]; Bala huqıqları haqqındaǵı konvenciya (1989-jıl)[12], Xalıq-aralıq Miynet Shólkemi sheńberinde qol qoyılǵan Analıqtı qorǵaw haqqındaǵı konvenciyanı (1919-jıl)[13] hám basqalardı kirgiziw múmkin.

Sonıń ishinde, Bala huqıqları haqqındaǵı konvenciyada hár bir balanıń óz ata-anasınıń ǵamxorlıǵınan paydalanıwı, olardan ayırılıp qalmawı, óz shańaraǵı menen birge bolıwı sıyaqlı bir qatar huqıqları bayan etilgen[14].

Shańaraq máselesi, qádiriyatları barlıq tınıshlıqtı súyiwshi hám ádil insanlardıń turaqlı itibarında bolıp kelmekte. Sonıń ushın Birlesken Milletler Shólkemi 1993-jıl 20-sentyabrde bolıp ótken jıynalısta barlıq xalıqlardı 1994-jıldan baslap **15-maydı Xalıqaralıq shańaraq kúni** sıpatında belgilewge shaqırǵanında da úlken máni bar.

Dúnya kóleminde shańaraq mashqalalarına baǵıshlanǵan birinshi ilimiy ekspediciya Batısta 1889-jılı baslanǵan edi. Ilimpazlar hám qánigelerdiń bul ilimiy izleniwleri derlik 100 jil dawamında basqıshpa-basqısh ótkerilgen. Uzaq jillar dawamında alıp barılǵan ilimiy izleniwler nátiyjesine qaray, shańaraq eń áhmiyetli másele sıpatında dúnya jámiyetshiligi tárepinen tán alındı hám BMSH 1994-jıldı Xalıqaralıq shańaraq jılı dep járiyaladı, mámleketimizde bolsa 1998-jil Shańaraq jılı dep atalıp, arnawlı baǵdarlama sheńberinde kóplegen jumıslar ámelge asırıldı. Olardan biri «Shańaraq» ilimiy-ámeliy orayınıń shólkemlestirilgenligi bolıp tabıladı.

---

9 Юлчиев А., Асланов М. Одамлар савдосига қарши курашнинг ҳуқуқий жиҳатлари. –Т.: ТДЮИ, 2006.–Б. 33.
10 Ўзбекистон Республикаси мазкур ҳужжатга 1995 йилда қўшилган.
11 Ўзбекистон Республикаси мазкур ҳужжатга 1995 йилда қўшилган.
12 Ўзбекистон Республикаси мазкур ҳужжатга 1992 йилда қўшилган.
13 Ўзбекистон Республикаси мазкур ҳужжатга 1995 йилда қўшилган.
14 Бола ҳуқуқлари тўғрисидаги конвенция (1989 йил), 6-10 моддалар.

BMSh shańaraq máselesinde tiykarınan tómendegi principlerge tiykarlanıwdı usınıs etedi:

- jınısıy teńlikti, jámiyetlik paydalı miynette hayallardıń teń qatnasıwın támiyinlew;
- bala tárbiyasında ata-ana juwapkershiliginiń teńligin erkekler hám hayal-qızlarǵa durıs túsindiriw;
- járdemge mútáj hám mútáj shańaraqlarǵa turaqlı ǵamxorlıq kórsetiw.

2000-jılı BMShniń mıń jıllıq sammiti bolip ótti. 189 mámleket wákilleri qatnasqan bul májiliste jámiyetke baylanıslı globallıq, ulıwmalıq mashqalalar dodalanıp, hár qıylı kategoriyadaǵı shańaraqlardıń máplerine tikkeley baylanıslı wazıypalar qatarında mútáj shańaraqlardıń máplerin qorǵaw, olardıń bilim alıw, medicinalıq xızmetten paydalanıw huqıqların kepillew, xalıqtıń turmıs mádeniyatın arttırıw, ekonomikanı rawajlandırıwǵa ayrıqsha itibar qaratıldı.

Izertlenip atırǵan tema boyınsha jáne bir áhmiyetli xalıq-aralıq hújjet bul Hayallarǵa qarata kemsitiwdi saplastırıw boyınsha komitet (CEDAW) Hayallarǵa qarata kemsitiwdiń barlıq formaların saplastırıw haqqındaǵı Konvenciya bolıp, onıń orınlanıwı hayal-qızlar huqıqları boyınsha 23 qánigeden ibarat ǵárezsiz ekspertler tárepinen qadaǵalanadı.

Hayal-qızlarǵa qarata kemsitiwdiń barlıq formaların saplastırıwǵa baylanıslı bul Konvenciya dúnyadaǵı hayal-qızlarǵa kúndelikli turmısın ózgertiwge járdem beretuǵın qural esaplanadı. Konvenciyanı ratifikaciya etken mámleketlerde ol kemsitiw aqıbetlerine, sonıń ishinde, zorlıq, kámbaǵallıq, huqıqıy qurallardıń jetispewshiligine qarsı gúresiw hám de múlk huqıqın tolıq ámelge asırıwda áhmiyetli rol oynaydı[15].

Pútkil dúnyada BMShniń shańaraq hám insan salamatlıǵı, gender teńlik máseleleri boyınsha alıp barıp atırǵan siyasatına únles shańaraq siyasatı alıp barıladı. Máselen, Túrkiyada biziń «Shańaraq» ilimiy-ámeliy orayımızǵa uqsas «Shańaraq» ilimiy-izertlew institutı jumıs alıp baradı. Onıń tiykarǵı wazıypası hár bir shańaraqtıń tálim-tárbiyaǵa baylanıslı iskerligin qollap-quwatlaw, mayıp balası bar shańaraqtıń mútájliklerin úyreniw, oǵan járdem beriw jolların belgilew, orta shańaraqlardıń rawajlanıw nızamlıqların úyreniw, jámiyette hám shańaraqta erkek hám hayaldıń teń huqıqlılıǵın támiyinlew bolıp esaplanıp, ol 1989-jılı shólkemlestirilgen.

Pakistanda da shańaraq, analıq hám balalıq máseleleri boyınsha arnawlı ministrlik statusına iye bolǵan departament bar. Ol hayal-qızlar rawajlanıwı, jámiyetlik támiynatı hám arnawlı bilimlendiriwine juwapker esaplanadı. Bul ministrliktiń túrli aymaqlarda shańaraq hám hayal-qızlarǵa járdem kórsetetuǵın 75 krizis orayı bar.

Shańaraq - milliy dástúr hám úrp-ádetlerimizdi, milliy mádeniyatımızdı saqlaytuǵın, áwladlardan áwladlarǵa jetkizetuǵın ortalıq. Demek, úrp-ádet hám dástúrler saqlanar eken, onı saqlawshılar hám oǵan ámel etiwshiler minez-qulqında da ulıwmalıq,

[15] https://www.ohchr.org/ru/treaty-bodies/cedaw

úylesimlilik, demek, úyrenip, juwmaq shıǵaratuǵın nızamlar boladı[16].

Batıs mámleketlerinde «ekinshi demografiyalıq ótiw» dep atalǵan process júz berdi, bunda rásmiy neke dúziwdiń sanı keskin azayıwı, balanıń kamalǵa keliwi ushın ata-ananıń ekewi bolıwı májbúriy emesligi, hayallar qálegende jalǵız ózleri bala tárbiyalawı múmkinligi, abortlarǵa bolǵan unamlı múnásibet barǵan sayın qáliplesip barmaqta. Bunnan tısqarı, shańaraq qatnasıqlarına mámlekettiń aralasıwı minimallastırılıp, jınısıy qatnasıqlarda erkinlik bergen halda shańaraq bekkemligin saqlawǵa jámiyetlik-ekonomikalıq járdem kórsetiw hám puqaralıq jámiyeti institutlarına ótkeriw arqalı kómeklesiw jolı tańlanbaqta. Shańaraqlıq qatnasıqlarda hádden tısqarı liberal qatnas nátiyjesinde dástúriy emes shańaraqlıq qatnasıqlar qáliplese basladı, 1989-jılı Daniyada bir jınıslı nekege ruxsat etildi, keyin ala kóplegen mámleketlerde (Gollandiya, Angliya, Shveciya hám b.) bir jınıslı nekeler rásmiy tán alına basladı. Ayırım mámleketlerde (AQSh ayırım shtatları, Franciya) buǵan qarsı nızamlar qabıl etilgen bolsa da, jeterli dárejede nátiyje bermey atırǵanın kóriw múmkin. Ayırım mámleketlerde unamsız demografiyalıq tendenciyalardıń bar ekenligi (RF, Franciya, Germaniya) onı sheshiwge baǵdarlanǵan baǵdarlamalardıń islep shıǵılıwına sebep bolmaqta.

AQShta shańaraqtı mámleket tárepinen keń materiallıq qollap-quwatlawdan qayırqomlıq qorlarına shańaraqqa qaratılǵan jámiyetlik baǵdarlamalardı ámelge asırıw júklenbekte. Mámleket qarjıları qısqarǵan halda tek ǵana mútáj shańaraqlarǵa járdem beriw, hayal-qızlar hám balalardıń teń huqıqlılıǵın támiyinlewge qaratılmaqta.

Skandinaviya mámleketleri jámiyetlik qorǵaw sisteması úlgili bolip, shańaraqlarga jámiyetlik járdem sistemasınan órnek dárejesinde. Shveciyada jámiyetlik qamsızlandırıw sisteması insan ómirindegi hár bir jaǵdaydı názerde tutıp, shańaraqlarǵa kúshli jeńillikler, hayal-qızlar hám balalar huqıqların qorǵaw boyınsha mámleket sisteması islep shıǵılǵan bolıp, hár qanday jaǵdayda qorǵawdı sorap múrájat etiw imkaniyatın támiyinleydi[17]. Shveciyada «Puqara óz táǵdiri haqqında qayǵırıwı shárt emes, mámleket oǵan tuwılǵanınan baslap aqırǵı kúnine shekem ǵamxorlıq etedi» jámiyetlik qorǵawdıń dárejesin kórsetip beredi.

RFda demografiyalıq apatshılıq júz berip atırǵanı sebepli bala tuwılıwın xoshametlewge úlken qarjılar sarıplanıwına qaramastan jaǵday sezilerli ózgermedi, negizinde ózgeristi adamlardıń ruwxıy dúnyasında ámelge asırıw kerekligi haqqında pikirler payda bolmaqta.

[16] Каримова В. Оила - муқаддас даргоҳ // Ҳуқуқ ва бурч. 2011 йил 5-сон, www.huquqburch.uz

[17] Ótken jılı Norvegiyada 5 jasar bala bala huqıqların qorǵawshı mámleketlik uyımǵa ata-anası oǵan reyimsiz múnásibette bolıp atırǵanınan shaǵım etedi. Tekseriw ótkerilgende ata-ana balanıń televizor kóriwdi sheklegeni ushın múrájat etkenligi belgili boladı. ǴXQ bul jaǵdaydı keńnen jarıtıp, balaǵa "kishi shaǵımshı" degen at berdi. Bul kishi jastaǵı shaxslardıń da mámleketlik uyımlarǵa járdem sorap múrájat etiwlerine imkaniyat támiyinlengeninen dárek beredi.

Házirgi kúnde biziń sud sistemamızda shańaraqlıq kelispewshiliklerdi sheshiw sudların shólkemlestiriw zárúrligi de júzege keldi. Bul sudlar óz iskerligin tiykarınan shańaraqtağı kompleksli máselelerdi, yağnıy nekeni biykar etiw, ata-analıq huqıqınan ayırıw, turaq jaydan kóshirip jiberiw, ishki shańaraqlıq jınayatlardı kóriwge shekem bolğan máselelerdi sheshiwge qaratıwı kerek. Házirgi dáwirde bunday sudlar AQSHtıń ayırım shtatlarında, Yaponiya hám basqa mámleketlerde xizmet kórsetpekte.

Shańaraqlıq qatnasıqlarda jáne bir áhmiyetli másele bul aliment máselesi. Bizge belgili, aliment óndiriwde balanıń ata-anası óz ara nekede ekenligi yaki olar arasındağı neke tamamlanğanı áhmiyetli emes. Aliment óndiriwde tuwılıw haqqındağı gúwalıqtağı atalıq haqqındağı jazıw hám de balağa ıqtıyarlı túrde támiynat beriwden bas tartıw tiykar boladı. Usı jerde balanı tek ğana alimenttiń ózine súyenip bağıw, kamalğa keltiriw múmkin be, degen tábiyiy soraw tuwıladı. Úlken muğdardağı alimentti tiykarınan iri qalalarda tólewi múmkin, sonda da qaladağı turmıs ólshemi menen qarağanda, az boladı. Ayırım basqalardı esapqa almağanda, kishi qalalar, awıllarda onnan da kem. Balalardıń bilim alıwı, sapalı awqatlanıwı, ruwxıy salamat hám bárkamal ósiwi tikkeley shańaraq dáramatına da baylanıslı. Balağa onı kim támiyinlep atırğanınıń parqı joq. Ol, bárinen burın, hám ákesiniń, hám anasınıń itibarı, qollap-quwatlawı hám qayırqomlığına mútáj.

Házirgi kúnde alimentti óndiriw menen baylanıslı bir qatar jetiskenlik hám kemshilikler bar. Sudyalarda tiykarğı jumıs ornı boyınsha málim etilgen jumıstan payız belgilew sıyaqlı dástúriy qatnas bar. Aliment tóleytuğın ata byudjet shólkeminde yamasa salıqlar tolıq tólep barılatuğın shólkemde islegen jağdayda ğana alimentti tolıq óndiriw múmkin. Jeke menshik sektorda bolsa, jumıs beriwshiniń mápleri aliment tólewden bas tartıp atırğan shaxslardıń máplerine sáykes keledi. Sol sebepli, aliment summası balanı támiyinlew qárejetlerine sáykes bolıwı ushın aliment tólewshilerdiń haqıyqıy dáramatların sudta dálillep beriw mexanizmi zárúr.

Aliment minnetlemeleri menen baylanıslı qatnasıqlardı tártipke salıwshı milliy nızamshılıqtı jetilistiriwde sırt ellerdiń tájiriybesin sın kóz-qarastan úyreniw paydadan jıraq bolmaydı. Sırt ellerdiń shańaraq nızamshılığında elimizde aliment minnetlemelerin huqıqıy tártipke salıw tarawında júzege kelip atırğan kópshilik mashqalalardıń sheshimleri bar.

Batıs mámleketlerinde alimentlerdiń eki túri bar. Birinshisin balalardı materiallıq jaqtan qollap-quwatlaw (child support), ekinshisin bolsa erli-zayıplı alimenti (aliment) dep ataydı. Usı másele boyınsha tájiriybe hám ámeliyat úyrenilgen mámleketler, áwele alimentlerdi esaplap shığarıw principleri boyınsha parıqlanadı. Batıs Evropa mámleketleriniń kópshiliginde aliment summasın anıqlaw boyınsha úlgili jol-jobalar (formulalar) islep shığılğan. Bul summanı anıqlawda kóp ğana kórsetkishler esapqa alınadı. Bala menen jasap atırğan ananıń (ákeniń) dáramatı da, balanıń ata-ana nekeden ajırasqansha bolğan turmıs tárizin saqlap qalıw principinen kelip shığıp belgilenetuğın

ózine tán qárejeti de esapqa alınıwı múmkin[18].

Bir qatar mámleketlerde aliment summası balanıń jasına qarap, onıń talapları artıp barıwın esapqa alǵan halda izbe-izlik penen asırıp barıladi. Aliment tólewdegi jas shegarası, eń dáslep, erjetken dep esaplanatuǵın jas boyınsha ayırmashılıqlar bar. Rawajlanǵan Batıs mámleketlerinde erjetkenlik jası Ózbekstandaǵı jas shegarasınan joqarı. Bunnan tısqarı, kóplegen mámleketlerde aliment tólewdegi jas shegarası bilimlendiriw joqarı oqıw orınlarında dawam ettiriliwi múnásibeti menen sozıladı. Bala menen birge jasamaytuǵın ákeniń (ananıń) óz úyinde bala menen birge ótkergen waqtı da itibarǵa alınadı. Atap aytqanda, Angliya, AQSH, Avstraliyada bala bólek jasap atırǵan atasınıń (anasınıń) úyinde neshe tún qalıp ketken bolsa, sol waqıt ta aliment esabına ótedi. Alimentlerdi sudta belgilew instrukciyasınıń májbúriylik dárejesi de birdey emes: bir jerlerde tólemniń ulıwma baǵdarın beriw menen sheklenip qalınsa, basqa jerlerde tólemler muǵdarı qatań tártipke salınǵan boladı.

Evropanıń kópshilik mámleketlerinde mámleket aliment almaytuǵınlardı yamasa júdá kámbaǵal ata-analarǵa, yamasa aliment almaytuǵın barlıq ata-analarǵa belgili waqıt dawamında napaqa tólew jolı menen qollap-quwatlap turadı. Kitadaǵı bir qatar mámleketlerde arnawlı qorlar shólkemlestirilgen bolıp, napaqalar solardıń esabınan tólenedi hám keyin ala qarızdardan qaytarıp alınadı. Mámleket sarplagan qarjılardı kompensaciya etiw tártibinde de ayırmashılıqlar kózge taslanadı. Atap aytqanda, AQShta aliment tólemey júrgenlerdi izlewdiń qatań sisteması jolǵa qoyılǵan.

Musılman mámleketlerinde ajırasıw kórsetkishi tómen bolsa da, ajırasıwdan keyin erjetpegen balalar anasınıń tárbiyasında qaldırıladı, úlken jastaǵı balalar bolsa kim menen qalıwdı ózleri sheshedi. Nızamǵa muwapıq, burınǵı erler anası menen qalǵan perzentleriniń támiynatın kóteriwi, aliment tólewi lazım. Ámeliyatta hámme waqıtta da bunday bola bermeydi, aliment almay atırǵan hayallar sudqa múrájat etiwge tartınadı, qalaberse, sud qárejetlerin tólewge kóbinese imkaniyatları jetpeydi.

Sonday-aq, bala menen birge hám bólek jasap atırǵan ananı (atańdı) sıpatlaw ushın qollanılıp atırǵan atamalarda da belgili bir ayırmashılıqtı kóriw múmkin. AQShta bunı qáwenderlik etiwshi (custodial parent) hám qáwenderlik etpewshi (noncustodial) ata (ana) dep ataydı (usı jerde Ózbekstanda ata-analıq huqıqınan ayırılmaǵan ata (ana) baladan bólek jasaǵan jagdayda da yuridikalıq jaqtan qáwender ekenligin esletip ótiw paydalı bolmasa kerek). Evropa mámleketlerindegi atama shańaraq haqqındaǵı nızamlarımızdaǵı atama menen birdey bolıp, «bala menen birge jasaytuǵın ata (ana) «rezident» hám «baladan bólek jasaytuǵın ata (ana) «nonrezident» mánisin ańlatadı.

AQShta erli-zayıplı ajırasqannan keyin ortadaǵı balalar ústinen birgelikte

---

[18] Хусаинова У. Алимент ундириш масаласи: оила тўғрисидаги қонун хужжатлари такомили ва хорижий тажриба // Ҳуқуқ ва бурч. 2010 йил 11-сон, www.huquqburch.uz

ǵamxorlıq etiwdiń tiykarınan eki formasınan paydalanıp kelmekte. Birgeliktegi yuridikalıq qáwenderlik tiykarında balalar yamasa ana, yamasa ata menen birge jasaydı, olardıń tálim-tárbiyasına tiyisli qararlardı, Ózbekstan Shańaraq kodeksinde belgilengenindey, birgelikte qabıl etedi. Alimentlerdi óndiriw hám atalıqtı belgilew boyınsha arnawlı baǵdarlama islep shıǵılǵan. Máselen, eger balasına aliment ala almay atırǵan ana (ata) járdem sorap «Mútáj shańaraqlarǵa waqıtsha járdem» (Temporary Assistance for Needy Families - TANF) baǵdarlamasına múrájat ece, balaǵa alimentti «Aliment tólewge májbúrlew» (Child Support Enforcement - CSE) baǵdarlaması sheńberinde jumıs alıp barıp atırǵan agentlikler óndirip beredi. Barlıq shtatlar mine usı baǵdarlama menen qamtıp alınǵan. Anası (ákesi) menen jasap atırǵan balalar alimentke teń muǵdarda napaqa yamasa kepillengen muǵdardaǵı jámiyetlik járdem alıw huqıqına iye. Bunda qaysı biriniń summası kóp bolsa, sol tólenedi[19].

Aliment tólemey atırǵan shaxslardı mámleket shtatları boyınsha arnawlı kompyuterlestirilgen xızmet járdeminde izlep tabıw, ushırasıwlardıń belgilengen tártibin buzıp, balanı jasırıp júrgen - qáwenderlik etpey atırǵan ákeniń (ananıń) jasaw ornın anıqlaw da baǵdarlama aldına qoyılǵan wazıypalar qatarına kiredi. Baǵdarlamada bala nekesiz tuwılǵan jaǵdayda anasına járdem kórsetiw de názerde tutılǵan. Jalǵız ana ózindegi atalıqtı anıqlaw hám atanı izlep tabıwda járdem beriwi múmkin bolǵan barlıq maǵlıwmattı mine usı xızmetke usınıwı kerek. Dáramattan aliment óndiriw, múlkti xatlaw hám satıw da baǵdarlamada belgilep berilgen wazıypalardan esaplanadı. Sudqa shekem aliment summasın tólep shıǵıwda, tárepler óz talapların kelisip alıwında járdem beretuǵın arnawlı xızmetler de bar.

Ózbekstanda bul jumıslardıń bir bólimi sud orınlawshılarına júklengen. Bul tek ǵana sud qararları hám notarial tártipte tastıyıqlanǵan kelisimlerdiń orınlanıwına tiyisli ekenin umıtpaw zárúr. Sud orınlawshıları qarızdardıń jasaw hám jumıs ornın, dáramat deregin anıqlawı, qarızdar haqqında pasport-viza xızmetin xabardar etiwi kerek. Pasport-viza xızmeti bolsa qarızdardıń qarızı haqqında eskertilgennen keyin jınayat isin qozǵaw ushın aymaqlıq prokuratura yaki ishki isler organına hújjet tayarlaydı.

Ata-ana arasındaǵı neke qatnasıqlarınıń úziliwi balalardıń materiallıq támiynatına tásir etpewi kerek. Xalqımızdıń kóp ásirlik dástúrlerine hám ruwxıylıǵına, xalıq-aralıq huqıq hám adamgershilik normalarına say mine usı qaǵıyda aliment qatnasıqların tártipke salıw tarawındaǵı nızam hújjetlerimizge kirgiziliwi hám orınlanıwı lazım. Usı maqsette, birinshiden, erjetpegen balası bar erli-zayıplılardı nekeden ajıratıwǵa tiyisli barlıq isler rayon sudlarına ótkeriliwi; ekinshiden, nekeden ajıralǵan erli-zayıplılarǵa balaları menen baylanıslı mashqalalardı sheshiw ushın arnawlı dáldalshılıq xızmetinen paydalanıw imkaniyatı beriliwi kerek.

Bul usınıslardıń ámelge asırılıwı nızamshılıqtı jetilistiriw tarawında alıp

[19] Ҳусаинова У. Алимент ундириш масаласи: оила тўғрисидаги қонун ҳужжатлари такомили ва хорижий тажриба // Ҳуқуқ ва бурч. 2010 йил 11-сон, www.huquqburch.uz

barılıp atırǵan basqa jumıslar menen birgelikte, sózsiz, bunnan bılay da «Ózbekstanda shańaraqlardıń buzılıwı dúnya júzi boyınsha eń tómen dárejede» saqlanıp qalıwın támiyinleydi.

Ózbekstan Respublikası hayal-qızlarǵa qarata zorlıqtıń barlıq formaları hám kórinislerine qarsı gúresiwdi názerde tutatuǵın bir qatar xalıq-aralıq shártnamalardı ratifikaciya etken. Bular - Hayal-qızlar huqıqları kemsitiliwiniń barlıq formalarına shek qoyıw haqqındaǵı konvenciya, Bala huqıqları haqqındaǵı konvenciya hám basqa xalıq-aralıq-huqıqıy aktler bolıp esaplanadı.

Tábiyiy, shańaraqtaǵı zorlıqtıń aldın alıw ushın tek xalıqaralıq kólemdegi huqıqıy talaplardıń belgileniwi jeterli emes. bul máseleniń sheshimi kóp jaǵınan nızamshılıq dárejesinde bekkemlengen nátiyjeli huqıqtı qollanıw iskerligine baylanıslı.

Bunda, álbette, shańaraqtaǵı zorlıq tek milliy emes, al universal, ulıwma jaǵday ekenligin de esapqa alıw lazım. Bunday zorlıq istisnosız barlıq mámlekette, olardıń jámiyet hám mámleket dúzilisine qaramastan, hár qıylı kórinis hám formalarda bar.

Bunnan tısqarı, sońǵı múddetke shekem ol ǵárezsiz huqıqıy institut sıpatında tán alınbaǵan edi. Máselen, ótken ásirdiń 80-jıllarına shekem dúnyanıń 102 mámleketinde nızamshılıqta shańaraqlıq zorlıq ushın juwapkershilik názerde tutılmaǵan, 52 mámlekette bolsa erli-zayıplınıń zorlıǵı jınayıy jazaǵa tartılmaytuǵın edi. Ótken ásirdiń 90-jıllarına kelip bul jagday ózgere basladı.

Búgingi kúnde shańaraqtaǵı zorlıqqa qarsı gúresiw boyınsha AQSh, Ullı Britaniya, Avstraliya, Jańa Zelandiya, Trinidad hám Tabagoda arnawlı nızamlar qabıl etilgen. Jáne bir áhmiyetli tárepi, musılman mámleketleri bolǵan Malayziya hám Túrkiyada da bunday nızamlar bar.

XX ásirdiń 90-jıllarında kóplegen mámleketler shańaraqtaǵı zorlıqqa baylanıslı arnawlı nızamshılıq aktlerin qabıl etti, olarda shańaraqtaǵı zorlıqtıń barlıq túrlerine qarsı gúresiw siyasatın qáliplestiriwge baylanıslı anıq qaǵıydalar sáwlelengen.

Búgingi kúnde shańaraqtaǵı zorlıqqa qarsı qaratılǵan nızamlar 47 mámlekette bar. Ayırım mámleketler jábirlengenlerdi dáslepki qorǵaw menen támiyinleytuǵın puqaralıq huqıqı menen sheklengen bolsa, basqa mámleketler bul qorǵawdı jáne de keneytken. Ayırım mámleketler bolsa puqaralıq hám jınayat islerin úzliksiz halda kóredi. Kópshilik mámleketler jınayıy háreketlerdiń jańa quramın belgilep, shańaraqta islenetuǵın zorlıqlardıń talqılawın ózgertti. Kópshilik mámleketlerde, máselen, Finlyandiya, Belgiya, Ullı Britaniya, Sloveniya, Germaniyada shańaraqtaǵı zorlıq jınayat dep esaplanadı. Ayırım mámleketler «nızamlar integraciyası» jolınan barıp, onda nızam shıǵarıwshı hákimiyat hám mámleket strukturalarınıń nızam menen belgilengen mámleket tárepinen qarjılandırıw sistemasında shańaraqtaǵı zorlıqtıń aldın alıw boyınsha jámiyetlik xızmetler jaratıw hám baǵdarlamalar shólkemlestiriwde juwapker ekenligi atap ótilgen.

Shańaraqtaǵı zorlıqqa 2005-jılı nızam qabıl etken Evropanıń eń sońǵı mámleketi Ispaniya boldı.

Shańaraqtaǵı zorlıqtıń aldın alıw boyınsha toplanǵan eń úlken unamlı tájiriybe Kanadada.

Kanada - shańaraqtaǵı zorlıqtı saplastırıw boyınsha siyasattı islep shıǵıw hám ámelge asırıwda jetekshi mámleket, dep tán alınǵan. Ol bunday jawızlıqqa qarsı baǵdarlanǵan federal hám aymaqlıq nızamları, jergilikli kólemdegi jámiyetlik baǵdarlamaları menen belgili.

Kanadada hayal-qızlarǵa qarata zorlıq boyınsha arnawlı federal nızam joq. Soǵan qaramastan, 1994-jıldan baslap Jınayat kodeksine hayallar hám balalardı zorlıqtan qorǵawǵa qaratılǵan ilajlar sistemasın názerde tutatuǵın qosımshalar (tuzetiwler) kirgizilgen. S-127 nızam joybarı Jınayat kodeksiniń bir bólimine aylanıp, onda namısqa tiyiw jınayatın «Jınısıy huqıqbuzarlıqlar, jámiyetlik ádep-ikramlılıq hám jámiyetlik tártipke qarsı huqıqbuzarlıqlar» bóliminen alıp, «Shaxs hám onıń abırayına qarsı huqıqbuzarlıqlar» bólimine ótkeriw názerde tutılǵan.

## References:

1. https://www.un.org/ru/rights/protectedfromviolence/ch3.shtml;
2. Инсон ҳуқуқлари умумжаҳон декларацияси (16-модда); Иқтисодий, ижтимоий ва маданий ҳуқуқлар тўғрисидаги халқаро Пакт (10, 11-моддалар); Фуқаролик ва сиёсий ҳуқуқлар тўғрисидаги халқаро Пакт (23, 24-моддалар);
3. Ўзбекистон Республикасининг “Хотин-қизларни тазйиқ ва зўравонликдан ҳимоя қилиш тўғрисида”ги Қонуни. https://lex.uz/docs/4494709;
4. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг 2020 йил 4 январдаги 3-сон қарори билан Тазйиқ ва зўравонликдан жабрланган хотин-қизларга ҳимоя ордерини бериш, ижросини таъминлаш ва мониторинг олиб бориш тўғрисида низом. https://www.lex.uz/docs/4676892;
5. Криминология. Учебник под ред. Бурлакова В.Н., Сальникова В.П. – СПб, 2018. –Б. –506.;
6. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2022 йил 1 мартдаги “Оила ва хотин-қизлар давлат қўмитаси фаолиятини ташкил этиш тўғрисида”ги ПҚ–146-сон Қарори. https://lex.uz/ru/docs/5884084;
7. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2022 йил 7 мартдаги “Оила ва хотин-қизларни тизимли қўллаб-қувватлашга доир ишларни янада жадаллаштириш чора-тадбирлари тўғрисида”ги ПФ–87-сон Фармони. https://lex.uz/ru/docs/5884143;
8. Инсон ҳуқуқлари тўғрисида халқаро Билл. –Тошкент: Адолат, 1992, 14-бет.;
9. Юлчиев А., Асланов М. Одамлар савдосига қарши курашнинг ҳуқуқий жиҳатлари. –Т.: ТДЮИ, 2006.–Б. 33.;
10. Ўзбекистон Республикаси мазкур ҳужжатга 1995 йилда қўшилган.;
11. Ўзбекистон Республикаси мазкур ҳужжатга 1995 йилда қўшилган.;
12. Ўзбекистон Республикаси мазкур ҳужжатга 1992 йилда қўшилган.;
13. Ўзбекистон Республикаси мазкур ҳужжатга 1995 йилда қўшилган.;
14. Бола ҳуқуқлари тўғрисидаги конвенция (1989 йил), 6-10 моддалар.;

15. https://www.ohchr.org/ru/treaty-bodies/cedaw;
16. Каримова В. Оила - муқаддас даргоҳ // Ҳуқуқ ва бурч. 2011 йил 5-сон, www.huquqburch.uz;
17. Ótken jılı Norvegiyada 5 jasar bala bala huqıqların qorǵawshı mámleketlik uyımǵa ata-anası oǵan reyimsiz múnásibette bolıp atırǵanınan shaǵım etedi. Tekseriw ótkerilgende ata-ana balanıń televizor kóriwdi sheklegeni ushın múrájat etkenligi belgili boladı. ǴXQ bul jaǵdaydı keńnen jarıtıp, balaǵa "kishi shaǵımshı" degen at berdi. Bul kishi jastaǵı shaxslardıń da mámleketlik uyımlarǵa járdem sorap múrájat etiwlerine imkaniyat támiyinlengeninen dárek beredi.;
18. Хусаинова У. Алимент ундириш масаласи: оила тўғрисидаги қонун хужжатлари такомили ва хорижий тажриба // Ҳуқуқ ва бурч. 2010 йил 11-сон, www.huquqburch.uz;
19. Ҳусаинова У. Алимент ундириш масаласи: оила тўғрисидаги қонун ҳужжатлари такомили ва хорижий тажриба // Ҳуқуқ ва бурч. 2010 йил 11-сон, www.huquqburch.uz.